# Нобэ Рэмэдан лъапIэм щIедзэ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№130 (22.538) • 2013 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 9, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Сымаджэ куэд зыщIыгуфIыкIа

• ЩIэ

ЩЭБЭТ КIУАМ Нартхъалэ къыщыдзэIуахащ республикэм ис сымаджэ куэд зыщIыгуфIыкIа Диализ центр. ГуфIэгъуэ зэIущIэм кърихьэлIащ КъБР-м и Iэтащхьэ **Кьанокъуэ Арсен**, Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Портэ Галинэ**. КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ, ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ министрхуэ **Шэт Ирмэ, Мамий Артур**, Республикэ клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ **Къэжэр Хьусэн**, фIэкIыпIэнщэ медицинэ страховании мкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр фондым и унафэщI **Кьанокъуэ Аслъэнбэч**, Аруан район администрацэм и Iэтащхьэ **Кьанокъуэ Антемыркъан**, нэгъуэщIхэри.

Зи жьэжьейр тэмэму мылажьэхэр зыхуэныкъуэ центрыр къыщыдзэIуахым иращIэкIа гуфIэгъуэ зэIущIэм кърихьэлIахэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ Кьанокъуэ Антемыркъан, икIи къыхигъэщащ а Iуэхугъуэм цIыху куэд зэрыщыгуфIыкIар, сымаджэ куэд зэригъэтынышынур.

КъБР-м и Iэтащхьэм псалъэ щратым, жиIащ Урысей Федерацэм иригъэкIуэкI политикэм ипкъ иткIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ Iэнатlэр зэрыригъэфIакIуэм фIы куэд къызэрыпэкIуэр, зыхэт Iуэхум и проектри абыхэм зэращыщыр.

- Иджырей мардэхэм тету ящIа Диализ центрым зи жьэжьейр тэмэму мылажьэ сымаджэ псоми Iуэхутхьабзэ щIихуащIэфынущ. КъБР-м и Правительствэмрэ «Кавказ Ищхъэрэ нефрологие центрымрэ» зэращIыпIа зэгурыIуэнкIэм ипкъ иткIэ, дэ ди мурадщ мыпхуэдэ центру иджыри тIу республикэм (Бахъсэн, Налшык кIалэхэм) щыдухуэну, - жиIащ Кьанокъуэм.

КъБР-м узыншагъэр зэIэнымкIэ и министр Шэт Ирмэ къытеувыIащ центрым щIэт Iэмэпсымэхэри, щIыхухэм щIихуащIэ Iуэхутхьабзэхэри, сымаджэхэм я тыншыгъуэхэри, ахэр къыззэрашэлIэнури дунейпсо мардэхэм ипу къызэрызэрагъэпэщар.

Къэжэр Хьусэн жиIащ Диализ центрхэм мыхьэнэшхуэ зэрапIэр, абыхэм зи жьэжьейр тэмэму мылажьэхэм я гъащIэм къызэрыпащэр. Дохутыр нэхъыщхьэм КъБР-м и Iэтащхьэм фIыщIэ хуищIащ, апхуэдизу центрыр ухуэным зи гущIэхэзылъхьа псоми зэрыхуэарзэщр къыхигъэщащ.

«Иджырей медицинэ технологиехэр» ООО-м и унафэщI Балутэ Игорь къыхихъэбелджыкIащ зыхуэят хуэззу ящIа центрыр Iэмэпсымэ нэхъыфIхэмкIэ къызэгъэпщыным арэзы техъуа унафэщIхэр зэрыщымыуар икIи жиIащ Кавказ Ищхъэрэм хьэхъэ республикэхэм нэгъуэщI мыпхуэдэ центр екIу зэрыщымыIар.

Кьанокъуэ Антемыркъан район администрацэм къыбгъэдэкI Щ1ыхь тхылъхэр яритащ ухуэныгъэ зи нэ1 щ1этхэмрэ ухуакIуэхэмрэ.

Кьанокъуэ Арсен лентI плъыжьыр зэпиупщIа нэужь, хьэщIэхэм пэшхэр кьаплъыхьащ, сымаджэхэм епсэльащ. Проходнэ кьалэм щыщ бэлъхугъэм КъБР-м и Iэтащхьэм фIыщIэ хуищIащ центрыр зэраухуам папщIэ. Ар нэхъапэм Налшык кIуэзэ зэрыщытар, иджы и Iуэхур нэхъ тынш зэрыхьуар, лъыр зэрагъэкъабзэ Iэмэпсымэхэри зэрыфIыр къыхигъэщащ. Пэшхэр нэхущ, хуитщ, кьабзэщ, телевизорхэр щIэтщ. Зи лъыр ягъэкъабзэ цIыхухъум, Iэтащхьэр зыбгъэдишэри, зыхуей зэрыхуэзэр, я узыр щызыгъэпсынцIэ дохутырхэри зэрыгуапэр, сымаджэр зыхуеину псомкIи къызэрыззгъэпэщар жиIащ.

Центрым и дохутыр нэхъыщхьэ Чыгъэдэ Арсен къыхигъэщащ диализ пэшитхум иджыпстукIэ цIыху 29-м зэрытегъэпсыхьар, абыхэм иджыри кIыхагъэхъуэу, цIыху 35-м зэуэ еIэззу ящIыну зэрамурадыр. Зы цIыхум и лъыр сыхьэти 4-4,5-кIэ ягъэкъабзэ, иджыпсту центрыр сменищу мэлажьэ, микроавтобуситху къащэхуащи, дяпэкIэ сымаджэхэр езыхэм кIэрашэлIэнущ.

**НэщIэпыдджэ Замирэ.**

Нартхъалэ къыщыдзэIуахэ Диализ унэр. *Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

• Хъыбар гуапэ

Картдромыр Кьанокъуэ Арсенрэ министр Къаздэхъу Альбертрэ къызэIуах.

## Къанокъуэ Арсен и саугъэтхэр

**Куэд щIауэ сабийхэри балигъхэри зыпэплъа Iуэхугъуэт бадзэуэгъуэм и 7-м Нарткъалэ щекIуэкIар.**

А МАХУЭМ кьалэм щекIуэкIащ картингымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм пашэныгъэ къыщыдхьынымрэ абы и Iэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен и саугъэтым щIэбэныкIэ зэхьэзэхуэхэр. Ар щекIуэкIар щIэрыщIэу зэрагъэпэщыжа «Эльбрус» картодромырщ.

Зэпеуэм командэ 15 хэтащ, Сочэ, Дон Iус Ростов, Краснодар, Ставрополь крайм, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Тыркиаузрэ Нарткъалэрэ кьэнкIахэу.

Зэхьэзэхуэхэр гуфIэгъуэ щIыкIэм иту кьыдзэIуахащ. КъБР-м и Iэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен нэмыщI, абы кьрихьэлIащ республикэм и Правительствэм хэтхэр, Урысей Автомобиль федерацэм картингымкIэ и академием и тхьэмадэ Скрыль Василий, абы и къуэдзэ Белинновский Евгений сыжэ, нэгъуэщIхэри.

- Нобэрей Iуэхугъуэр кьыззгъэпэщыным жыджэру хуэпэжьа псоми фIыщIэ яхуэфащэщ, - жиIащ Кьанокъуэ Арсен. - Нэхъыщхьэращи, ди щIэблэм я щхьэр здахьын ямыщIэу дэткьым, спортым зыдрагъэхьэх, зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехьулIэныгъэ кьыщахь. Дэ кьыдгуроIуэ абдежым дыкьыщыуфынкIэ зэрымыхъунур. Ди республикэм и жылагъуэ къэс спортым ехьэлIа уэхуэныгъэхэр дэщыхьауэ, ахэр иджы кьежьа IэмэпсымэщхэмкIэ зэщIуэзэдапхъэщ.

Зэпеуэм хэтащ ныбжьыщIэ 61-рэ. Абыхэм ящыщу зыр хъыджэбз цIыкIущ. Зи ныбжь нэхъыщIэ дыдэхэмкIэ къыщIадзэри, зэхьэзэхуэхэр Iыхьэ зыбжанэу зэхэтащ. Ипэ уиIэпэр - Нарткъалэ и «Эльбрус» клубым, етIуанэр - Ростов, ещанэр Сочэ къикIа гупым кьахьащ.

Зэпеуэм щытекIуахэм щIыхь тхылъхэмрэ медалхэмрэ ираташ. КъищынэмыщIауэ, ипэ уиIупщIыр кьэзыхьахэмрэ кьыхэжаныкIэхэмрэ республикэм и Iэтащхьэм кьыбгъэдэкIыу электроннэ тхылъ, жып телефон, суэрэтех, нэгъуэщI тыгъэ лъапIэхэр хуагъэпащ. Мыдрейуэ картодромыр кьэзыгъэщIэрэщIэжа лъэжьакIуэ пажэхэм Аруан щIыналъэ администрацэм кьыбгъэдэкIыу щыхьэ тхылъхэр ираташ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**
*Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

## Нэщ1 мазэр къыщыунэхум ирихьэлI эу КъБР-м и Iэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен цIыхухэм

## ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Сигъуэдж си псэкIи сыныбохьуэхьу мусЪыимэнхэм я дежкIэ лъапIэу щыт нэщI мазэр къызэрыунэхумкIэ.

МусЪыимэн диным ит цIыху псоми я дежкIэ ар мазэ нэхъ лъапIэ дыдэщ. Нэщ1ымкIэ фарзыр игъэзащIэурэ, цIыхум и гуэныхъэр епшын, и фIэщхъуныгъэр егъэбыдэ, псапэмрэ пэжыгъэмрэ зи лъабжьэ цIыхугъэр зыхелъхьэ.

Нобэ къэралри динри зыхуэщIэкъур зыщ - ди гъащIэр нэхъыфI, нэхъ кьабзэ, нэхъ гуапэ щIынырщ. Щэч кьытесхьэркъым властым и органхэмрэ республикэм и дин зэгухьэныгъэхэмрэ я зэдэлэжьэныгъэ тэмэмыр. мыхьэнэщхуэ зиIэ мурадыр гъэзащIэнымкIэ гъабжьэу зэрыкьынум, зэщIыгъуэ дэ зэфIэдгъэкIхэри дяпэкIэ мамIэрыгъэр, жылагъуэ зэгурыIуэныгъэр, цIыхубз зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным хуэунэтIауэ зэрыщытынур.

Узынщагъэ быдэ фиIэну, псапэмрэ гуапэмрэ яхуэунэтIа фи Iуэхугъэр, мурад дахэхэр кьывэхъуIэну сыныбохьуэхьу!

## Пэнагуэм и дамыгъэр

• ПщIэ

Илъэс куэд лъандэрэ дагъуэнщэу зэрылажьэм папщIэ Тэрч муниципальнэ районым и Iэтащхьэ **Пэнагуэ Максим Аззмэтджэрий и къуэм** Урысей Федерацэм и Президентым 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м къыдигъэкIа Указ №595-мкIэ Зэныбжьэгъугъэ орденыр къратащ.

## Спортым и Iэнатlэм щиIэ фIыщIэм папщIэ

Физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырихьэлIам икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Прохладнэ кьалэ округым и «Атлетикэ псынщIэмкIэ сабий-ныбжьыщIэ школ хэха» муниципальнэ Iуэхущ1ап1эм и унафэщI **Ольховский Валерий Николай и къуэм** 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкIа Указ №595-мкIэ къыфIащащ «Урысей Федерацэм физкультурэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм къызэтезыгъэувыIэ Iуэхугъуэхэр (карантин) щыгъэувыным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и УНАФЭ

***2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 8 №79-РГ***

Бахъсэн районым хьихьэ Къулъкъужьи Ищхъэрэ къуажэм щаIыгъ мэкъумэш псэущхьэхэм уз къахьхьауэ щэч зэрыщыIэм къыхэкIыу, «Ветеринариям и Iуэхуэ» 1993 гъэм №4979-м щIэту накъыгъэм и 14-м кьыдэкIа Урысей Федерацэм и Законым и 17-нэ статьям ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым №АК-05/1596-м щIэту 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м къытхар и лъабжьэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм ящыр узыфэм и кьежьапIэр гъэкIуэдын икIи абы земыгъэубгъун папщIэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм къызэтезыгъэувыIэ Iуэхугъуэхэр (карантин) щыгъэувын ар Iуахыжьыным теухуа унафэ щIэзэхуIэ (Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм ящыр узыфэр зыпкърыта иужьрей Iэшыр зэрыкъуэкI, зэрауIэр е зэрагъэкIуэдрэ махуэ 21-рэ дэкIа иужькIэ).

2. Мэкъумэш псэущхьэ лIэужьыгъуэ псорИ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кърагъэхьэныр (кърашэныр), Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ирагъэкIыныр (ирашныр) зэпыгъэун къызэтезыгъэувыIэ Iуэхугъуэхэм (карантиным) я пIалъэр икIыу.

3. КъБР-м и Правительствэм:

республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм дэщIыгъуу я унафэр здынэсым ельытауэ зэхэлъхьэн икIи гъэзащIэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм ящырым зышиубгъуныр къэмыгъэхъуныжьмкIэ лэжьыпхъэхэр;

Къулъкъужьи Ищхъэрэ къуажэм къыщыунэхуа ящыр узыфэр гъэкIуэдынымкIэ ветеринариемкIэ федеральнэ законодательствэм щыубзыхуа Iуэхугъуэхэр Бахъсэн и муниципальнэ районым и щIэтIп1э администрацэм дэщIыгъуу къызэгъэщIын.

4. Мы унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм къызэтезыгъэувыIэ Iуэхугъуэхэр (карантин) щыгъэувыным теухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и УНАФЭ

***2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 8 №79-РГ***

Бахъсэн районым хьихьэ Къулъкъужьи Ищхъэрэ къуажэм щаIыгъ мэкъумэш псэущхьэхэм уз къахьхьауэ щэч зэрыщыIэм къыхэкIыу, «Ветеринариям и Iуэхуэ» 1993 гъэм №4979-м щIэту накъыгъэм и 14-м кьыдэкIа Урысей Федерацэм и Законым и 17-нэ статьям ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым №АК-05/1596-м щIэту 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м къытхар и лъабжьэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм ящыр узыфэм и кьежьапIэр гъэкIуэдын икIи абы земыгъэубгъун папщIэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм къызэтезыгъэувыIэ Iуэхугъуэхэр (карантин) щыгъэувыным ар Iуахыжьыным теухуа унафэ щIэзэхуIэ (Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм ящыр узыфэр зыпкърыта иужьрей Iэшыр зэрыкъуэкI, зэрауIэр е зэрагъэкIуэдрэ махуэ 21-рэ дэкIа иужькIэ).

2. Мэкъумэш псэущхьэ лIэужьыгъуэ псорИ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кърагъэхьэныр (кърашэныр), Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ирагъэкIыныр (ирашныр) зэпыгъэун къызэтезыгъэувыIэ Iуэхугъуэхэм (карантиным) я пIалъэр икIыу.

3. КъБР-м и Правительствэм:

республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм дэщIыгъуу я унафэр здынэсым ельытауэ зэхэлъхьэн икIи гъэзащIэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм ящырым зышиубгъуныр къэмыгъэхъуныжьмкIэ лэжьыпхъэхэр;

Къулъкъужьи Ищхъэрэ къуажэм къыщыунэхуа ящыр узыфэр гъэкIуэдынымкIэ ветеринариемкIэ федеральнэ законодательствэм щыубзыхуа Iуэхугъуэхэр Бахъсэн и муниципальнэ районым и щIэтIп1э администрацэм дэщIыгъуу къызэгъэщIын.

4. Мы унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен**

## Урысейм и щIыналъэу 16-м щащэ

• Сату

«Севаврентген-Д» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгугъэхэныгъэр иджыблагъэ щытекIуащ рентген аппаратхэр зыщэхунэхэм ирагъэкIуэжа ауксионым. Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэм щIэт Iуэхущ1ап1эхэм папщIэ ди республикэм щаща апхуэдэ Iэмэпсымэу 16 Башкортостаным, Кемеровэ областым, Коми Республикэм, Пермь крайм, Смоленскэ областым, нэгъуэщI щыналъэ зыбжанэми ирагъэшэнущ.

Предприятэм и генеральнэ директор Хьущт БетIал къызэрильытэмкIэ, апхуэдэ текIуэныгъэр щыхьэт тохьуэ Майскэ къалэм къыщыщIа-гъэжьа продукцэм нэгъэсауэ фIагъ лъагэ зэриIэм. Заводым иджыпсту цIыхуи 190-рэ щолажьэ.

***КъБР-м Промышленностьмрэ сатумкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1ап1э.***

## Бадзэуэгъуэм и 6-17 махуэхэм Къэзан щекIуэкIыну XXVII Дунейпсо гъэмахуэ Универсиадэр гуфIэгъуэ щытыкIэм иту къыз1Iуахащ. Абы кьрихьэлIащ къраги 170-м кьыкIа спортсмен мин 13,5-м щIигъ.

• Универсиадэ

# Лъэпкъыбэм я дэрэжэгъуэ

Путин Владимир ди спортсменхэм яIуощIэ.



Галльен Клод-Луи

ТЭТЭРСТАНЫМ и кьалащхьэм мы Iуэхугъуэм екIуу зыхуигъэхьэзыращ. Кьыпщыкьынут дэтхэнэ зы спортсменри хэтыну зыщIэхъуэпсе Олимп Джэгуэр къызэIуахыу фIэкIа. Ар абы къызэрыкIэрыхьущи щыIэкъым. ЖыпIэну урикьынущ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхэм Олимп чемпиону 25-рэ, спортым щыхь зиIэ и мастеру 105-рэ, дунейпсо класс зиIэ мастеру 313-рэ зэрыхэтыр. Ар абы къызэрыкIэрыхьущи щыIэкъым. ЖыпIэну урикьынущ Урысей Федерацэм и командэ къыралИ 105-м яIэрохьэ.

XXVII Дунейпсо гъэмахуэ Универсиадэр къыщыз1Iуахащ а Iуэхугъуэщхуэм папщIэ яуха «Кьэзан Арена» стадионым. Абы, дауи, IэпэдэупIэ имыIэу щIыхур изт.

ГуфIэгъуэ зэIущIэр Урысей Федерацэм хьхьэ лъэпкъхэм я гъэлэгъуэныгъэхэмкIэ къыщIидзащ. Адыгэхэр, балъкъэрхэр, тэтэрхэр, башкирхэр, шэшэнхэр, мордвинхэр, осетинхэр, къумыкъхэр, даргинхэр, лезгинхэр...

Я лъэпкъ фащэ екIуэхэр ящытыну ахэр зардэу кIуэцIрыкIырт, дуней псор къакIэлъыплъэр дэрэжэгъуэ къариту. Сыт нэхъыфI щыIэ ахэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, зым Iэпыхэр адрейм къыщтэжу зэдэпсэуэм?! Абы нэхъ къару лъэщи хэт ирихьэлIа?!

Кьэзан университет къалэу ижь-ижьыж лъандэрэ къкальэтэ. Абы иджыпсту еджапIэ нэхъыщхьэу 82-рэ дэтщ. Дауи, абы хуэфащэт дунейпсо щIалэгъуалэм и зэхьэзэхуэхэр къыщыкIэрагъэпэщыну. Тэтэрстаным и кьалащхьэм а щIэ зыгъэгъупщэн хуейкъым илъэситху дэкIмэ футболымкIэ дунейпсо чемпионатым кьыхэ зэIущIэхэр Кьэзан зэрыщекIуэкIынури. Ноби ар а Iуэхугъуэщхэм хуэхьэзырщ и стадионкIи, хьэщIэщхэмкIи, кхъухьлъатэ кьэтIысыпIэкIи, гъуэгуэкIи, адрей псомкIи. Урысей Федерацэм и адрей щIыналъэхэми щапхьэ зытракьи яIэщ.

Къэрал унафэщIхэр, спортымрэ щэнхабзэмрэ я цIыху цIэрыIуэхэр зыр адрейм ефIэкIыжу утыкум къохэр. Абыхэм яхэтщ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир, Дунейпсо студент джэгуэм я федерацэм и Iэтащхьэ Галльен Клод-Луи, ЩIы хъурейм и дэнэ щIыпIи фIы дыдэу кьыщацIыкIу хоккеистхэу Третьяк Владиславрэ Фетисов Вячеславрэ, гимнастикэхэу Кабаевэ Алинэрэ Канаевэ Евгениерэ, шахматист Карпов Анатолий, нэгъуэщI куэди.

Гимныр кьеуа иужькIэ, зэхьэзэхуэр кьызэIуахащ. Зэпеуэхэр пэжу икIи кьыкIуэт ямыIэу ирагъэкIуэкIыну Мустафинэ Алиярэ (спортсменхэм я щIэкIэ) Садовых Евгенийрэ (судьяхэм кьабгъэдэкIыу) адэкIэ тхьэрыIуэ ящIащ.

Къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Урысей Федерацэм и Президентым. «Дэ тлъэкI къздгъэнакьым Къэзан къэкIуахэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэн, екъуалIэныгъэ яIэн папщIэ, - жиIащ абы. - Мы дакьикъэ лъапIэхэм фигуэхэр хуабжьу зэрыщIейтIэгр гурыIуэгъуэщ. Сыныбохьуэхьу бэнэныгъэм кьару лъэщ кьыфхилъхьэу текIуэныгъэ инхэр мыбы щызыIэрывгъэхьэну».

А псалъэхэм яжьыкIэ Университадэм и мафIэр пагъэнащ. Топхэм я уэ макьым дуней псом хьыбар ирагъэщIащ XXVII Дунейпсо гъэмахуэ студент джэгуэхэм зэрыщIадзамкIэ. АдэкIэ чэзыр кьалъысащ спорт утыкуэхэм. Ахэращ щызэхэкIынур студент щIалэгъуалэм я зэфIэкIыр здынэсыр.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, дзюдоист Хьэбэчыр Мурат дигьэгуфIэфакьым. Ар кьыхагъащIэри, пасэу зэпеуэм кьыхагъэкIащ. Иджы Кучинэ Марие фIыкIэ дыщыгугьынщ.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

## Дунейм щыхъыбархэр

### ДыгъуакIуэ гупыр сэтей къащI

**Урысейм Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ и министерствэм Экономикэ шынагъуэншагъэмкIэ коррупцэм пащIэтыныкIэ и Iуэхущ1ап1э нэхъыщхьэмрэ Следствие департаментымрэ Iуэхушхуэ ирагъэкIуэкIащ зэщIэгъэзуIуэуэ лъжьэ щIэпхъаджащIэ Iуэхугъуэр щыкIуэ сэтей къэщIыныным хуэгъэзауэ.**

«Хабзэм темыту банк зыгъэлажьэ гупым ахъшэ «фIейр» «кьабзэ» ящIыжыт ешым я унафэм щIэт коммерцэ банкхэмрэ фирмэ нэпцIхэмрэ кьагъэсэбэпурэ», - къыщIожраIащ «Коммерсантъ» газетым и пэжьакIуэм УФ-м и МВД-м.

Гупыр иплъэситхум щIигъукIэ Москва областым, Урысейм и нэгъуащI щIыналъэхэм щылэжьащ. Абы пори зэхэту сом мелард 36-рэ зэригъэкIуащ. Яхуищ1э Iуэхутхьабзэм папщIэ къыIихыр ират ахъшэм и процентитIырт. Псори зэхэту цIыху 400-м щIигъу зыхэпщIа щIэпхъаджагъэхэр къызэригъэпэщырт илъэс 42-рэ зи ныбжь цIыхухъум, Москва областым и Мытищи кьалэм щыщым.

### ЗыкъаIэтыну къыхураджэ

**Египетым щыIэ «Муслъымэн зэкъуэшхэр» зэщIэхъеныгъэм ёзым и телъхьэжэр къыхуриджащ «революцэр зыдыгъуэхэм я бийуэ зыкъыIэтыну». Къыгъэр къэхьэщ республикэ гвардием и штаб-фэтэру Каир щыIэм теуахэм зауэлIхэр Iэщ1экIэ къаухуэ нужь. Щ1ыху 35-рэ ныкIащ, куэд уIэгъэ хъуащ.**

Блыщхьэ кIуам и жэщым Iэщ1экIэ зэщIэуэзда гупыхуэу и офицерхэм я унэм ебгъэрыкIуащ. Зы офицер яукIащ, зауэлI плIыщым фэбжьхэр ягъуэтащ. Зытеуахэм Iэщ1э къагъэсэбэпын хуей хъуащ.

Иджы дзэм нэхъ сакъыу ихьумэ хъуащ Тахрир утымрэ къэралыгъуэ Iуэхущ1ап1эхэмрэ.

## НОБЭ

**●Аргентинэ Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъэщ1** – къэралыр щхьэхуэ щыхьауэ махуэщ (1816).

**●**1931 гъэм къалъхуащ АР-м и цIыхубз усакIуэ, драматург **Бэрэтэр Хьэмид.**

**●**1932 гъэм къалъхуащ сурэтыщI **Хьэжу Руслан.**

**●** 1941 гъэм къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидат, ботаник, жылагъуэ дэжьакIуэ **Хьэжьэ Барэсбий.**

**Пл1анэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

**Банэр банэкIэ къыхахыж.**

● КъБР-м и Правительствэм

# Улахуэм трагъащIэ

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ социальнэ лэжьыгъэхэр зегъэкIуэнымкIэ лъэныкъуищ къызэщIэзыубыдэ комиссэм и зэIущIэ. Абы хэтащ «Промышленностым щылажьэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэ» щIыналъэ IуэхущIапIэм и тхьэмадэ Хьэжу Владимир, КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Амщокъуэ ФатIимэт, КъБР-м Социальнэ Лэжьыгъэмрэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къущхьэ Равидэ.**

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым Къуэдзокъуэ Мухьэмэд къыхигъэщащ илъэсым щIигъуауэ комиссэм и зэIущIэ зэрырамыгъэкIуэкIар икIи упщIэ куэд зэрызэтрихьар.

Республикэм лэжьыгъэ Iуэхук Iэ щызэращIылIэ зэгурыIуэныгъэхэм теухуауэ къэпсэлъащ Къущхьэ Равидэ.

- Социальнэ зэдэлэжьэныгъэр IэнатIэ Iутымрэ къулыкъущIэмрэ зэрызэбгъэдэт щытыкIэ хэхащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, лэжьапщIэр зэкIэлъызыгъакIуэ дэфтэр нэхъыщхьэр гуп (коллектив) зэгурыIуэныгъэхэр зэрыарар. Ар IуэхущIапIэм езымыщIылIа лэжьакIуэм и хуитыныгъэхэр ихъумэнымкIэ иIэ Iэмалхэр нэхъ мащIэ мэхъу, - жиIащ абы.

Къущхьэ Равидэ къыхигъэщащ КъБР-м Социальнэ Лэжьыгъэмрэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и IэщIагъэлIхэм къызэрапщытамкIэ, иужьрей илъэсиблым къриубыдэу, IуэхущIапIэхэм щызэращIылIэ апхуэдэ зэгурыIуэныгъэхэм я бжыгъэм хэпщIыкIыу зэрыкIэрыхуар. «2006 гъэм щыIа 1746 бжыгъэр, 2012 гъэм - 1285-м хуэкIуащ. Нэхъыбэу зэгурыIуэныгъэхэм дыщрохьэлIэ егъэджэныгъэмкIэ IуэхущIапIэхэм - процент 98-рэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэхэм - 86-рэ, щэнхабзэм - 82-рэ. ЗэгурыIуэныгъэхэр нэхъ щымащIэр цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымрэ сату Iуэхухэмрэ епха IэнатIэхэрщ», - жиIащ абы.

Iуэхур зэтеувэжа хъун папщIэ, гулъытэ хэха хуащIыну Къуэдзокъуэ Мухьэмэд захуигъэзащ «Промышленностым щылажьэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэ» щIыналъэ IуэхущIапIэм и тхьэмадэмрэ Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIымрэ.

АдэкIэ Къущхьэ Равидэ зэпкърихащ лэжьакIуэм и улахуэр зэпэщ щIынымкIэ щыIэ унафэмрэ (2013 гъэм хухэхар) ар гъэзэщIа зэрыхъумрэ. Абы и псалъэм къыхэщащ мыпхуэдэ бжыгъэхэр: япэ разряд зиIэ лэжьакIуэм и улахуэ нэхъ мащIэ дыдэр сом 5277-рэщ. 2012 гъэм ику ит мазэ улахуэр сом 13667-рэ хъуащ. Ар нэхъыбэт 2011 гъэм ейм нэхърэ, ауэ Урысей Федерацэм къыщахьым елъытауэ тIукIэ нэхъ мащIэт. Упсэун щхьэкIэ нэхъ мащIэ дыдэу узыхуейм хуэдиз къэзымыхь къулейсызхэр илъэс кIуам процент 15,3-рэ хъууэ щытащ. Мы зэманым лэжьапщIэр нэхъ щылъагэщ финанс лэжьапIэхэм деж - сом мин 40 хуэдиз мэхъу, адрей IэнатIэхэм хэпщIыкIыу нэхъ щымащIэщ. Къущхьэ Равидэ къигъэлъэгъуащ бюджет IэнатIэм Iутхэм я лэжьапщIэр зыхуэдизри. Апхуэдэу, ику иту щIэныгъэм щылажьэхэм къахь 11697-рэ, узыншагъэр хъумэным - сом 11305-рэ, щэнхабзэ, спорт IэнатIэхэм я улахуэр - сом мини 10-м тIэкIу щIегъу.

Амщокъуэ ФатIимэт тепсэлъыхьащ къэрал властым и органхэр, щIыпIэ самоуправленэхэр профессиональнэ зэгухьэныгъэхэм зэрадэлажьэ щIыкIэм. Абы жиIащ: «КъБР-м и экономикэм щылажьэ зы цIыхум и ику ит улахуэр куэдкIэ пэжыжьэщ а IэнатIэм Урысейм, уеблэмэ Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыпэрытхэм къахьым нэхърэ». Амщокъуэм къызэрыхигъэщамкIэ, бюджет IэнатIэхэм лэжьапщIэ зэрыщатым Iэмалыщ Iэхэр хагъэхьами, къэрал, муниципальнэ IуэхущIапIэхэм щылажьэхэм я улахуэм хэхъуа щIагъуэ щыIэкъым. «Зи улахуэр мащIэу къанэхэм ящыщщ узыншагъэр хъумэнымкIэ, щэнхабзэмкIэ муниципальнэ IуэхущIапIэхэм Iутхэр».

Къуэдзокъуэ Мухьэмэд зэIущIэм хэтахэм жаIамкIэ акъылэгъу хъуащ. «Социальнэ лэжьыгъэм Iуэху зэIумыбз куэд зэрыхэтыр наIуэщ, ауэ профсоюзхэр, «Промышленностым щылажьэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэр», Правительствэр зэрызэдэлажьэр фIым ущызыгъэгугъщ», - жиIащ Къуэдзокъуэм.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

**УФ-м и Правительствэр и щIэгъэкъуэну, Мэзкуу и «Крокус-Экспо» гъэлъэгъуапIэ центрым иджыблагъэ щрагъэкIуэкIащ «Хьэрхуэрыгъэр къыхыдох!» и фIэщыгъэцIэу «Iуэху зезыхьэ Урысей» ООО-м илъэс къэс къызэригъэпэщ бизнес-форумым и IX зэхыхьэшхуэр.**

● Iуэху зезыхьэ Урысей

# Хьэрхуэрыгъэр къыхыдох!

АБЫ ХЭТАЩ Урысейм и Премьер-министр Медведев Дмитрий, Федеральнэ антимонопольнэ IуэхущIапIэм и унафэщI Артемьев Игорь, УФ-м и Президентым и дэIэпыкъуэгъу Белоусов Андрей, «Iуэху зезыхьэ Урысей» ООО-м и унафэщIхэм ящыщ Галушкэ Александр, «ПроектыщIэхэр пхыгъэкIынымкIэ стратегие жэрдэмхэм я агентствэ» зи щхьэхуэщытыж мыкоммерцэ организацэм и Iэтащхьэ Никитин Андрей, Дунейпсо банкым и Урысей къудамэм и тхьэмадэ Рутковскэ Михаил, гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ IэнатIэхэм, къэралым и щIыналъэхэм, бизнесым я лIыкIуэхэр.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм зэрыщыжаIамкIэ, ди республикэм къыбгъэдэкIыу зэIущIэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым хьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ, «Iуэху зезыхьэ Урысей»-м и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Пархоменкэ Юлие.

Бизнес зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэм я жэрдэмкIэ 2005 гъэ лъандэрэ къызэрагъэпэщ форумым зиубгъу зэпытщ. Иужьрейр зытеухуауэ щытар къэралым и экономикэ, социальнэ щытыкIэр ипэкIэ зыгъэкIуэтэну зыщыгугъ, «Хьэрхуэрыгъэм зегъэужьынымрэ антимонопольнэ политикэр егъэфIэкIуэнымрэ» я гъуэгу картэ» проектым тету, властымрэ хьэрычэтыщIэхэм я зэгухьэныгъэмрэ зэрызэдэлэжьэнум хэкIыпIэ къыхуэгъуэтынырщ.

Къэралым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам папщIэ, Медведев Дмитрий «Iуэху зезыхьэ Урысей» жылагъуэ организацэм ЩIыхь тхылъ иритащ, иужькIэ «ХьэрхуэрыгъэщIэм и экономикэ» пленар зэIущIэм къыщыпсэлъащ. ЗытеухуакIэ секцэхэр хы хъурт. Апхуэдэщ «Хьэрхуэрыгъэм и зыужьыкIэр щIыналъэхэм зэрызэщхьэщыкIыр». «Къэралыр бизнесым зэрыхэтыр е административнэ лъэпощхьэпохэм уазэрыпэхъунур», «Инфраструктурэм и IэнатIэхэм хьэрхуэрыгъэм зэрызыщебгъэужьынур. Газыр. Электроэнергетикэр. ГъущI гъуэгу транспортыр», «Урысей компаниехэр хьэрхуэрыгъэ инхэм зэрыхэзагъэр», нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр щекIуэкIым, УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрий хэту, ВТБ банкымрэ «Iуэху зезыхьэ Урысей ООО-мрэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ. Абы ипкъ иткIэ, лъэныкъуэхэм къалэн зыщащIыжащ - сырьем пымыщIа хьэрычэтыщIэ IэнатIэмрэ банк Iуэхумрэ зегъэужьыным хуэфащэ щытыкIэ къыхузэрагъэпэщыну.

Зэхыхьэшхуэр щызэхуащIыжым, хабзэ зэрыхъуам тету, «Iуэху щхьэпэ» Урысей Саугъэтыр зыхуэфащэхэм иратащ.

*КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

● Iуащхьэмахуэ лъапэ

# Псынэм къыхаш

**«Урысей Ипщэ» федеральнэ программэ хэхам зэрыщыубзыхуам тету, Iуащхьэмахуэ лъапэ псы кIуапIэу километр 13,5-рэ щаухуэ. Терскол, Байдаевкэ, Тегенекли, Эльбрус, Нейтринэ къуажэхэр зэфэну псыр Iуащхьэмахуэ и джабэ нэкIум метр мини 3-кIэ тенджызым ищхьэкIэ щыIэ Гарабаши псынэм къыхашынущ.**

IУАЩХЬЭМАХУЭ лъапэ и жылагъуэхэр псыежэххэм къызэрагъэпэщ, ауэ, Эльбрус къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Курданов Узеир къызэрыхигъэщамкIэ, туризмэмрэ рекреацэмрэ я псэуалъэхэм зэрызрагъэужьым къыхэкIыу, псы кIуапIэщIэхэр яухуэ. Лэжьыгъэм сом мелуан 377-рэ мин 423-рэ хухахащ. Абы щыщу сом мелуан 328-рэ мин 777-р федеральнэ, мелуан 48-рэ мин 646-р республикэ бюджетхэм къыхэкIащ.

«АССО» ООО подряд организацэм и инженер нэхъыщхьэ Маттаев Хьэсэн зэрыжиIамкIэ, псыр щIым къыщIэкI псынэм къыхашынущ. Псыхэр Гарабаши къыщIэжыпIэм деж куэду щызэхуэхьэсащ.

Псынэпсыр пщалъэм къигъэув псоми къозэгъ, «КъБР-м гигиенэмрэ эпидемиологиемкIэ и центр» ФГУЗ ОКГ-м и дохутыр нэхъыщхьэм и унафэм щIэту микробиологие, санитар-гигиенэ къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкIащ, псым и фIагъыр зыхуэдэр къапщытащ. Радиологие къэпщытэныгъэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, псым и фIагъыр Сан Пин 2.1.4. 1074-01-м къигъэув «Зэфэ псыр: псым и фIагъыр зыхуэдэн хуейр» пщалъэм сыт и лъэныкъуэкIи къотIасэ.

2011 гъэм зыщIадза ухуэныгъэ лэжьыгъэр мы гъэм и дыгъэгъазэм яухыну я мурадщ.

**ТАРИМ Алисэ.**

● Узыншагъэ

# ЛэжьапщIэм хохъуэ

**УФ-м и Президентым накъыгъэ мазэм къыдигъэкIа «Къэрал социальнэ политикэр гъэзэщIа хъуным хуэгъэпса Iуэхугъуэхэм теухуауэ» унафэм ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и медицинэ лэжьакIуэхэм я улахуэм хагъахъуэ.**

КЪАРУ игъуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм накъыгъэм и 31-м къищта «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и къэрал бюджет IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм я улахуэм теухуауэ» унафэм. Абы ипкъ иткIэ, медицинэ лэжьакIуэхэм я улахуэр я Iэзагъыр зыхуэдэм, IуэхущIапIэм мылъку и лъэныкъуэкIэ и зэфIэкIым елъытауэ проценти 10-30-кIэ хагъахъуэ. КъищынэмыщIауэ, я улахуэм процент 30 хущIагъунущ яхуримыкъу IэщIагъэм пэрыт дохутырхэм: фтизиатрхэм, психиатрхэм, наркологхэм, анестезиолог-реаниматологхэм, рентгенологхэм, лаборант-цитогенетикхэм, генетикхэм, сабий онкологхэм, гематологхэм, неонатологхэм, патологоанатомхэм, судмедэкспертхэм. Апхуэдэу, жьэн узыфэхэм щеIэзэ диспансерым щылажьэ фтизиатрым ику иту и мазэ улахуэр сом мин 30, абы щыIэ медсестрам ейр сом мин 15 хъунущ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, улахуэр зэрыхагъахъуэм къыхэкIыу, абы дыщIагъуу щыта зэрагъэпажэ Iыхьэр зэрыкIэрамычынур. И къалэныр нэсу зыгъэзащIэ лэжьакIуэм и мазэ лэжьапщIэр Урысей Федерацэм улахуэхэмкIэ къищта мардэм нэхърэ нэхъ мащIэу щыт хъунукъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къищта «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и къэрал бюджет IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм я улахуэм теухуауэ» унафэм зыщыбгъэгъуэзэфынущ КъБР-м и Правительствэм и порталым (pravitelstvokbr. ru) Узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм хухэха Iыхьэм.

**ЩОМАХУЭ Лилие.**

**РСФСР-м щIыхь зиIэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ, театрымрэ киномрэ я актрисэ, роль куэд урысей киноми театр зэхуэмыдэхэми щызыгъэзэщIа, цIыхубз роль мынэхъыщхьэу ищIахэм щыщу («Небеса обетованные», «Изображая жертву» лэжьыгъэхэм) нэхъыфIу къалъытахэм къыпэкIуэу «Ника» саугъэтыр тIэу къызрата бзылъхугъэ цIэрыIуэ IэхъуэджакIуэ Лие Мэжид и пхъур нобэ къыщалъхуа махуэщ, и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.**

● Нобэ

# ЦIыхубэ артисткэ IэхъуэджакIуэ Лие

«IЭХЪУЭДЖАКIУЭ» адыгэ лъэпкъым къыхэкIа хъыджэбз цIыкIур 1938 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м Украинэм хыхьэ Днепропетровск къалэм къыщалъхуащ. Ар къыщыхъуащ Адыгэ Республикэм и Мейкъуапэ къалэм. Абы и адэ-анэр гъуазджэм и лэжьакIуэт: и адэ Мэжид Сэлихь и къуэр Адыгэ драмэ театрым и къызэгъэпэщакIуэт икIи и режиссер нэхъыщхьэт, и анэ Юлие Александр и пхъур а IуэхущIапIэм и актрисэт. Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Старые клячи» фильмым хэт зэадэзэпхъум я ролхэр зыгъэзэщIар Мэжидрэ Лиерэщ. Иужьрей илъэсхэм Лие и адэр нэф хъуауэ псэуащ. И анэ Юлие жьэн уз пкърытти, и адэри ицIэлат. Ахэр хьэлъэ щыхъум, Лие цIыкIу Сталиным письмо хуитхат къыдэIэпыкъуну щIэлъэIуу. Зыхуэгъэзам тхыгъэр Iэрыхьар фIэщщIыгъуейщ, ауэ хущхъуэ гъуэтыгъуейхэр кърататщ. 1990 гъэм анэр лыщх узыфэ шынагъуэм илIыкIащ.

ГъущI цIугъэнэхэмрэ дыщэмрэ ехьэлIауэ Москва дэт институтым 1956 гъэм щIэтIысхьэри, зы илъэсрэ ныкъуэкIэ щеджащ. Луначарскэм и цIэр зезыхьэ ГИТИС-р къиухащ (1962 гъэм). 1961 гъэм щыщIэдзауэ Москва ТЮЗ-м щылэжьащ. «Современник» театрым 1977 гъэм щегъэжьауэ щыIащ. И япэ лэжьыгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ Виктюк Роман игъэуваауэ щыта «Квартира Коломбины» спектаклыр. Режиссерым Лие кърита зэуэ роль нэхъыщхьиплI.

Сценэм IэхъуэджакIуэм щигъэзэщIащ роль зэхуэмыдэ Iэджэ. Нэхъ зыубгъуауэ зыкъигъэлъэгъуэн, и зэфIэкI псори утыку кърихьэн мурадкIэ, ар 1990 гъэхэм икухэм уней театр кIуащ. Колядэ Николай и пьесэм къытращIыкIа «Персидская сирень» спектаклым (режиссерыр Мильграм Борисщ) ехъулIэныгъэшхуэ щиIауэ щытащ. Театрым щылажьэ илъэсхэм абы сценэм «къыщипсэуащ» образ зэмылIэужьыгъуэ куэд. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Драгунский Виктор и «Денисинские рассказы», Думбадзе Нодар и «Я, бабушка, Илико и Илларион», Михалков Сергей и «Дорогой мальчик», Рощин Михаил и «Эшелон», нэгъуэщIхэри.

«Селестина» спектаклым 2012 гъэм щыджэгуу, Лие джалэри и Iэр икъутауэ, и дзажэри къэчауэ щытащ. Ар щIыжытIэр Лие нэгъуэщIкIэ зэрыпхузэмыхъуэкIырщ. Абы и щыхьэтщ «Современник» театрым ар зыхэт спектакль псори гъэлъэгъуэныр зэпигъэуауэ, гастролхэри къигъэувыIауэ зэрыщытар.

1973 гъэм щыщIэдзауэ кином хэтщ IэхъуэджакIуэ Лие. Ар япэ зыхэта «Ищу человека» фильмым Варнэ, Локарнэ къалэхэм щекIуэкIа дунейпсо кинофестивалхэм саугъэтхэр къыщыхуагъэфэщащ. Абы къыкIэлъыкIуащ «Ирония судьбы, или С лёгким паром!» (Таня и ролыр), «Москва слезам не верит» (Ольгэ Павловнэ), «Гараж» (Малаевэ), «Сукины дети» (Нанайцевэ), «Странное Рождество» (Люсэ), нэгъуэщIхэри.

И роль нэхъыфIхэм ящыщщ «Двадцать дней без войны» фильмым щигъэзэщIа роль цIыкIур. ЦIыхубэм фIыуэ актрисэр щилъэгъуар, ар гукъинэж щыхъуар Рязанов Эльдар и фильмхэм щыджэгуа иужьщ. 1991 гъэм «Советский экран» журналым иригъэкIуэкIа IэIэтым ипкъ иткIэ, IэхъуэджакIуэр илъэсым и актрисэу къалъытат.

Ар цIэрыIуэщ и жылагъуэ Iуэху еплъыкIэмкIэ. Абы мызэ-мытIэу жиIащ властым зэрыхуэмыарэзыр, Ходорковский Михаил и судым, «ЮКОС»-м ехьэлIа Iуэхум теухуауэ ткIийуэ къэпсэлъащ. Хэхыныгъэхэм деж Iэ зыхуиIэтыр «СПС» партырщ.

Лие я щхьэгъусэу щытащ Театр ЦIыкIум и актер Носик Валерий, сурэтыщI Кочейшвили Борис, 2001 гъэм Москва щыпсэу сурэттех Персиянинов Владимир дэкIуащ. И илъэс 75-р, и щхьэгъусэм щIыгъуу (ди жагъуэ зэрыхъунщи, бын иIэкъым) дачэм щигъэлъэпIэну и мурадщ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

# Дяпэкlэ пенсэр къызэрабжыну Iэмалыщlэ

● Видеоконференц

**Урысей Федерацэм лэжьыгъэмрэ социальнэ къыщхьэщыжыныгъэмкIэ и министр Топилин Максим, лэжьыгъэмкIэ министрым и къуэдзэ Пудов Андрей, УФ-м и Пенсэ фондым и унафэщI Дроздов Антон сымэ зыхэта федеральнэ видео-конференц Налшык щекIуэкIащ. Абы кърихьэлIащ УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэмрэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэмрэ.**

*Сурэтыр* **ТОЛГУРОВ Камал** *трихащ.*

МИНИСТРЫМ жиIащ «Пенсэ калькулятор» онлайн проектыщIэ зэраутIыпщыр. Ар хуэунэтIащ иджырей пенсэ хабзэм е, зэрыжаIэщи, формулэм тещIыхьауэ, 2013 гъэм екIуэкI уасэхэр къалъытэу, зи ныбжь нэсахэм я пенсэр къэбжыным, Урысей Федерацэм и Правительствэм иджыпстукIэ иубзыху Iэмалыщ Iэм. Абы папщIэ пунктибгъу хъу анкетэ щхьэхуэр ягъэхьэзырри, я пенсэр зыхуэдизынум теухуа хъыбар секунд бжыгъэм программэм къаIэрегъэхьэ. АрщхьэкIэ, калькуляторыр хуэщIакъым иджырей пенсионерхэм, пенсэ кIуэгъуэм илъэсищ нэхъ мащIэ къызыхуэна цIыхухэм, ныкъуэдыкъуэхэм, мылэжьэфхэм, зыгъэпсэухэр зыфIэкIуэдахэм, дзэ къулыкъущIэхэм, къарузехьэ ведомствэхэм я лэжьакIуэхэм, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэм, шынагъуэ зыпылъ IэнатIэхэм щылажьэхэу нэхъ пасэу пенсэм кIуэну хуитыныгъэ зиIэхэм.

Зи гугъу тщIы формулэщIэмкIэ 2015 гъэм щIышылэм и 1-м щыщIэдзауэ хабзэщIэр Урысейм щагъэувыну я мурадщ. Дызэрыщыгъуазэщи, зи ныбжь нэсам хуагъэув пенсэр ди къэралым нэхъ зыщызыубгъуа лIэужьыгъуэщ, ар цIыху мелуан 33,5-м яIэрохьэ. Ар УФ-м и Пенсэ фондым яхуегъэув пенсэ ныбжьым нэсахэм: цIыхубзхэм - илъэс 55-м, цIыхухъухэм - илъэс 60-м. Иджыри къыздэсым лэжьыгъэ пенсэр цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэзыгъэпэщым лэжьакIуэм щхьэщитыкI страховой взносым елъытауэ, ауэ щыхъукIи лэжьыгъэ стажыр зыхуэдизым зыкIи емыпхауэ щытащ. Ар къэзэгъкъым экономикэ и лъэныкъуэкIэ жыджэр, лэжьыгъэкIэ гъэнщIа гъащIэ кIыхьым хуэхьэзырхэм я дежкIэ.

Пенсионерхэм я гъащIэр ирагъэфIакIуэкIэрэ, пенсэ IэнатIэр зэтеухуэным хуэкIуэным, абы Iэмал имыIэу зегъэужьыным хуишащ. Абы и лъэныкъуэкIэ УФ-м и Правительствэм IэщIагъэлI, эксперт зэхуэмыдэхэр кърихьэлIэу зэIущIэ зыбжанэ щекIуэкIащ. Пенсэ убзыхукIэщIэм теухуа Iуэхугъуэхэм иджыри зэпкърыхауэ тепсэлъыхьынущ. А формулэщIэмрэ абы и мыхьэнэ нэхъыщхьэхэмрэ щаубзыхум къалъытащ Франджымрэ Германиемрэ я зэфIэкIыр. Пенсэ кIуэгъуэ ныбжьым хагъэхъуэнукъым, ят пенсэр псэун папщIэ нэхъ мащIэу зыхуеинум и кIэ хъунукъым, иджырей пенсионерхэм я хуитыныгъэхэмрэ пенсэмрэ къахуэнэжынущ. Ноби хуэдэу, ар IыхьитIу зэхэтынущ: страховойрэ накопительнэу. ЦIыхум и илъэс лэжьыгъэр къэзылъытэ «илъэс пенсэ коэффициент»-р щIэуэ хагъэхьэ. ХабзэщIэхэм къыщабжынущ улахуэр зыхуэдизри, и стажыр зэрыхъури. ЦIыхубзхэм я стажыр илъэс 30 е нэхъыбэ хъумэ, цIыхухъухэм ейр илъэс 35-рэ е абы щIигъумэ, саугъэт коэффициентхэр хуагъэувынущ. Апхуэдэуи езым и фIэфIыныгъэкIэ пенсэ кIуэгъуэр, и ныбжь нэсауэ и пенсэр хуагъэувыныр, игъэIэпхъуэмэ, абы и пенсэм хэхъуэнущ.

ЩIэуэ къыхыхьэхэмкIэ дгъэзэжынщи, Топилин Максим къызэрыхигъэщамкIэ, пенсэ калькуляторыр цIыху щхьэхуэм и пенсэр нэщIысауэ къэзыбжкъым, атIэ илъэс бжыгъэкIэ узэрылэжьам пэкIуэну пенсэр зыхуэдизынур къэплъытэнымкIэ Iэмал къозытщ. Иджы цIыхухэм я лэжьыгъэр яубзыхуфынущ, стажым и кIыхьагъыр яунэтIыфынущ, армэм къулыкъу щыщIэнэр, сабийм бгъэдэсын папщIэ отпуск къащтэныр и пенсэр зыхуэдизынум елъытауэ яубзыхуфынущ. Нэхъыщхьэращи, хабзэщIэмрэ иджыпстукIэ лажьэ пенсэ формулэмрэ тещIыхьауэ дяпэкIэ я пенсэр зыхуэдизынур зэрагъэпщэфынущ.

- Хуэмурэ дэ дыхуокIуэ 2030 гъэм ику ит пенсэр цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэу зыхуеинум хуэди 2,5-м зэрынэсыным. Курыт классым пенсэ тэмэм хуагъэувынымкIэ формулэщIэм Iэмал нэхъыбэ къитынущ. Абы 2015 гъэм щIышылэм и 1-м лэжьэн щIидзэн хуейщ, икIи адэкIэ лэжьыгъэшхуэ къытпэщылъщ, - жиIащ министрым.

Пенсэ гъэувыкIэм, убзыхукIэм теухуа зэхъуэкIыныгъэхэм, ягъэув хабзэщIэм уи пенсэр зыхуэдэнум ехьэлIауэ узыхэплъэн, зэпэплъытын куэд хэлъщ. Иджырей формулэмкIэ пенсэ къабжын папщIэ илъэситху стаж къащтэмэ, дяпэкIэ ар илъэс 15-м нагъэсынущ. Аращи, уи улахуэр нэхъыбэху, уи стажыр нэхъ кIыхьыху, уи ныбжь нэсауэ ягъэувыну лэжьыгъэ пенсэри нэхъ лъагэнущ. Абы егупсысыпхъэр 1967 гъэм, абы и ужькIэ къалъхуахэрщ.

Пенсэ калькуляторыр Урысей Федерацэм Лэжьыгъэм-кIэ и министерствэм и www.rosmintrud.ru УФ-м и Пенсэ фондым и www.pfrf.ru веб-сайтхэм къыщыгъэлъэгъуащ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

# Хэкупсэхэр ягъасэ

**Урысей Федерацэм и ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм республикэм шынагъуэншагъэмкIэ и органхэм я музей къыщызэIуахащ.**

УРЫСЕЙМ КъБР-мкIэ и УФСБ-м и деж тхыдэ-гъэлъэгъуапIэ пэш къыщызэIухыныр шынагъуэншагъэмкIэ органхэм цIыхухэм хэкупсэ гъэсэныгъэ тэмэм яхэлъхьэным, щIалэгъуалэм я граждан, социальнэ жэуаплыныгъэр егъэфIэкIуэным, хэкум и тхыдэр, шынагъуэншагъэмкIэ органхэм я зауэ гъуэгуанэр хэпщэным я лъэныкъуэкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэшхуэхэм я унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Экспозицэхэр къыщызэIуахым ФСБ-м и лэжьакIуэщIэхэм тхьэрыIуэ ятыныр ирырагъэхьэлIащ.

Гъэлъэгъуэныгъэм япэу еплъащ контрразведкэм и офицерхэмрэ ветеранхэмрэ. Зи ныбжь хэкIуэта чекистхэм къызэрыхагъэщамкIэ, ведомствэм и музей къызэIухыным щIэхъуэпсар лэжьакIуэхэм я зы щIэблэкъым, арщхьэкIэ а жэрдэмыр къащехъулIар, экспонатхэр икIэм-икIэжым зэIуха щыхъуар иджырей зэманырщ.

ФСБ-м и лэжьыгъэр, къызэрезэгъым елъытауэ, цIыхухэм я дежкIэ нэхъ зэIуха, гурыIуэгъуэ хъун мурадкIэ, шынагъуэншагъэмкIэ органым и унафэщIым жылагъуэм и лIыкIуэхэм музейм зыщаплъыхьыну Iэмал етыным теухуа унафэ къищтащ. Тхыдэ-гъэлъэгъуэныгъэ пэшым щэнхабзэ, зыплъыхьакIуэ Iуэхугъуэхэр, щIэныгъэ-практикэ конференцхэр щрагъэкIуэкIынущ.

Ягъэлъагъуэ экспонатхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым, щIыналъэм шынагъуэншагъэмкIэ и органхэм я лэжьыгъэм теухуауэ цIыхухэм нэхъыбэ къащIэнымкIэ, тхыдэ лъэхъэнэхэр зрагъапщэу иджырей щытыкIэм къулыкъум и Iуэху зехьэкIэр зэтраухуэнымкIэ сэбэп хъунущ.

*Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

● Ухуэныгъэхэр

# И кIэм нагъэс

**Кэнжэ спорт комплексыщIэ мыгувэу къыщызэIуахынущ.**

УХУЭНЫГЪЭХЭР илъэс кIуам и дыгъэгъазэ мазэм зэфIагъэкIри, ихъуреягъыр зэIузэпэщ щIыным иужь ихьащ. Мы гъэм и накъыгъэ мазэм ухуакIуэхэм я зэфIэкI псори ирахьэлIэри, IуэхущIапIэм екIуалIэ гъуэгум асфальт тралъхьэжащ.

Комплексым и инагъыр метр зэбгъуэзэнатIэ 1200-рэ мэхъу. Абы щыщу спортзалым 476-р къылъысащ. Уардэунэр гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу къызэIуахыну траухуащ.

# Зы илъэсым къриубыдэу

**«ПсэупIэ унэ кхъахэхэм щыпсэухэр къыщIэгъэIэпхъукIын» муниципальнэ программэм ипкъ иткIэ ирагъэкIуэкIыну ухуэныгъэхэм папщIэ, мы илъэсым къриубыдэу Шэрэдж районым сом мелуан 24-рэ къыхуаутIыпщынущ.**

АБЫ ЩЫЩУ мелуан 21-р псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэхэм я лэжьыгъэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэнымкIэ урысейпсо фондым, сом мелуани 3-р республикэ бюджетым къабгъэдокI. А мылъкумкIэ метр зэбгъуэзэнатIэ 925,3-рэ зи инагъ фэтэр куэду зыхэт унэхэр яухуэнущ икIи абы ягъэIэпхъуэнущ аварийнэ щытыкIэм ит псэуалъэхэм щIэс цIыху 79-рэ. А унэхэм языр Къэщкъэтау, Абаевым и цIэр зезыхьэ уэрамым, адрейр Бабугент, Туменовым и уэрамым тетхэщ.

Мы зэманым ухуэныгъэм ехьэлIа убзыхуныгъэ лэжьыгъэхэр кърахьэлIэ, унэхэр щауххуэну щIыпIэхэр ягъэбелджылы.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, илъэс кIуам Бабугент жылагъуэм унагъуэ 16-м тещIыхьа фэтэр куэду зэхэт унэ зэрыщаухуар. Мыгувэу кърагъэжьэну псэупIэм мы къуажэм щыщу иджыри цIыху 55-рэ хиубыдэнущ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Дзэлыкъуэ щIыналъэ

# ХьэрычэтыщIэхэм ядоIэпыкъу

**Дзэлыкъуэ районым хьэрычэтыщIэ Iуэху мыинымрэ курытымрэ зыужьыныгъэ ин щегъуэт.**

ИЛЪЭС блэкIам и щIышылэ мазэм мы щIыпIэм къыщрагъэжьа бизнес-инкубаторым и ухуэныр йокIуэкI. Абы къэрал бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 51-м щIигъу, республикэ бюджетым ейуэ сом мелуани 5, районым и мылъкуу сом мелуан 13 трагъэкIуэдэнущ.

Мы IэнатIэм мыхьэнэ ин иIэнущ зи уней Iуэху къызэзыгъэпэщыжыну хуей жылагъуэдэсхэм иджырей Iуэху зехьэкIэ мардэхэм ятеухуауэ чэнджэщрэ унэтIыныгъэ тэмэмрэ ягъуэтынымкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, бизнес-инкубаторыр дызыхуэкIуэ илъэсым и япэ мазищым фIэмыкIыу хьэзыр хъунущ.

# Мастэ халъхьэ

**Гъэмахуэ хъупIэхэм иджыпсту щаIыгъщ Дзэлыкъуэ районым и мэкъумэш IэнатIэхэм я Iэщышхуэу мини 2,5-м нэс, шыуэ 543-рэ, мэлу мин 23-рэ.**

IЭЩ ДОХУТЫРХЭМ IэщIэвыщIэхэм вакцинэхэр и чэзум ирахьэлIащ, хъупIэхэм щылэжьэну IэщIагъэлIхэм я узыншагъэр къапщытащ. Псом хуэмыдэу ахэр тогузэвыхь ди гъунэгъу Къэрэшей-Шэрджэсым я Iэщым Iуей узыфэ зыпкърыт къазэрыхэкIам икIи икIэщIыпIэкIэ тафэм щаIыгъи, хъупIэм щыIи мастэ халъхьащ.

Дзэлыкъуэ районым и Iэщыхъуэхэм мы гъэм и япэ мазитхур ехъулIэныгъэкIэ кърахьэлIащ. Мыбы щызэхэт хозяйствэхэм шэуэ а лъэхъэнэм къыщIашар центнер мин 315-м ноблагъэ. Ар илъэс кIуам яIам нэхърэ мини 8-м нэскIэ нэхъыбэщ.

